




CHIKAMU 5


UMAMBO



TINOPIRA
CHINDUMURWA
CHISINA
MHOSVA ICHI
KWAURI BHAARI,
ROPA RACHO
NGARIKUFADZE.

NDINOPIRA
MWANA WANGU
KURIPIRA MATADZO
ANGLU.

VANHU VAIGARA MUNYIKA
YECHIPIKIRWA VAKENANI VAINGE
VAKASHATA. VAIPIRA VANHU
SEZVIPIRISO, UYE MUTAURO
WAVO WAIVE WAKASIYANA
NEWEVAIZIRAYERE. VAINAMATA
ZVIFANANIDZO ZVAKAGADZIRWA
NEGORIDHE, SIRIVHERI NENDARAMA.




MWARI VAKATUMIRA
VAPOROFITA NEVAPIRISITA
KUZOVATSIURA, ASI
VAKARAMBIRA PAMABASA AVO
EKUTADZA. SEKUPARADZA
KWAAKAITA VANHU MUNGLIVA
YANOWA, NEMUNGLIVA
YESODHOMA NEGOMORA,
MWARI VAVA KUZOPARADZA
VANHU VEKENANI.

RIMWE
ZUVA
ZVINGANGODARO
KUTI TINGAVEWO
VAPIRISITA
VAKURU VANOPIA
ZVIBAIRO IZVI.

ZVINONY-
ANGADZA,
ASI ZVINHU
ZVINOFANIRA
KUITWA. UKAITA
ZVAKAIPA,
UNOWANA
ZVAKAIPA, UKAITA
ZVAKANAKA
UNOWANAWO
ZVAKANAKA.

MAVAMBO 14:18; NUMERI 22:4-8;
DHUTURONOMI 18:9-11



VAGARI VEMUKENANI VAINAMATA
ZVIFANANIDZO VAKARWISA
VACHIDA KUCHENGETA NYIKA
YAVO KUBVA KUVAIZIRAYERE,
ASI MWARI AKAPA SIMBA KUVANA
VEIZIRAYERE VAKAKUNDA.



**LINOZVIITA
ANI CHAIZVO
KUPINDA
MUTEMBERI
TSVENE
INO!**

**NDOWEKUPEDZISIRA
MWANA WAWAPIRA
IYEYE.**

HONDO YORUSUNUNGUKO
PAYAKAPERA VANA VEIZIRAYERE
VAINGE VAKUNDA VAVENGI VAVO.
JOSHUWA NDOKUTaura NEVANHU.

TATEGURU
WEDU
ABHURAHAMU
AKABVA KUNYIKA
YAINAMATWA
ZVIFANANIDZO.
MWARI
VAKAMUUDZA
KUTI ACHAVA
BABA VENYIKA
HURU.





MWARI VAKATI VANHU VAKE
VACHAVE VARANDA MUIJIPITA
KWEMAKORE ANOITA MAZANA MANA,
MUSHURE MEZVO VAIZOSUNUNGURWA
VODZOKA MUNYIKA INO. KWAPER
MAKORE MAZANA MASHANU, TARIRAI
NHASI TIRIPANO. MWARI VACHENGETA
CHIVIMBISO CHAVO. CHIPINDAI MUGARE
MUNYIKA YOSE IYI. MUSATEVEDZERE
TSIKA DZEVATADZI AVA, NOKUTI
MWARI UCHAKUTONGAI
SEZVAAKAITA VANHU AVA.

MUNYIKA ITSVA, MAIVE
NERUNYARARO, MUNHU WOSE
WAIVA NEMUNDA WAKE LIYE
ZVOKUDYA ZVAKAWANDA. MWARI
WAKAVAROPAFADZA ZVAKANYANYA.



HUYAI
MUDYE,
CHIKAFU
CHENYU
CHAIBVA.


TINOUYA, REGAI
NDINGOSUDURUDZA
DOMBO IRI.

SEKUVIMBISWA
KWAVAKAITWA
NAMWARI,
VAHEBHERU
VAKAWANDA
VAKAZADZA NYIKA
YOSE. MAGUTA
AVO AIVHAKAIRA
NOMUFARO,
RUGARE
NEMURAWU.
NYIKA ITSVA
YAINZI
IZIRAYERE.



RUGARE KWALURI
MUDIKANI, DZIRISEI
HOVE DZAKO NHASI?


DZICHANGOBATWA
KUBVA MUGUGWA
IDZI, DZAKANAKISA.



MWARI
VAKATIRWIRA PARUOKO
RWEMUVENGI, ASI MUNYIKA
MUNO MUNONAMATWA
ZVIFANANIDZO. SARUDZAI
PANO WAMUNODA KUTEVERA.
INI NEMHURI YANGU
TICHATEVERA MWARI
WAABHURAHAMU.

MWARI
HAVANGATENDERI
KUTI TINAMATE
ZVIFANANIDZO. IVO
MWARI VAKATIDZIKINURA
NESIMBA GURU PARUOKO
RWEVAIJIPITA
VAKATICHENGETA
MUGWENGA.

TINOVIMBISA KUTI
TICHASHUMIRA
MWARI NAISHE
WEDU.



MWARI
VAKATIBATSIRA KUKUNDA
VAAMORI VAIGARA MUNO,
NOKUDARO NDIYE
WATICHASHUMIRA.

MWARI MUTSVENE UYE
HAATENDERI KUSARURAMA.
MUKAMURASA, ACHATENDEUKA
OKURWISAI KUSVIKA
MAKUVARA NOKUPARARA.




NDIMI ZVAPUPU KUTI
MASARUDZA KUSHUMIRA
NOKUBATIRA MWARI.

TISU
ZVAPUPU
ZVACHO.

NDANYORA
MURUGWARO SUNGANO
YAMAITA NAMWARI
MUZUVA RANHASI.

SEKUTEERERA
KWATAKAITA MOZISI,
TICHAKUTEERERAWO IWE, DAI MWARI WAKO
AVA NEWE SEKUFAMBA KWAAKAITA NAMOZISI.
UYO ASINGAKUTEERERE NGAURAWE.




VANHU
VAITUNGAMIRWA
NEVATONGI,
VAITaura
NAMWARI
VACHIVERENGA
MURAWU
NEMAZWI
AMozisi.
VAIDUDZIRA
MAZWI AMozisi
NEKUTUNGAMIRA
VANHU
KUAZADZISA.

KO MURAWU UNOTI
KUDII PAMUSORO
PEMOMBE INENGE
YATUNGA MUNHU?

MOZISI WAKATI
MURIDZI ANOFANIRA
KURIPIRA PAKUVADZWA
UYE MOMBE IYI
INOFANIRA KUURAWA.

EKISODHO 21:28-29;
JOSHUWA 24:15-24



KWECHINGUVA VANHU
VAIRANGARIRA MINANA
YAKAITWA NAMWARI
KUBURIKIDZA NEMURANDA
WAVO MOZISI. MOYO YAVO
YAINGE IZERE NOKUTENDA
PAKUSUNUNGURWA KUBVA
KUVAIJIPITA. VAISHUMIRA
MWARI VACHIPIRA
ZVIPIRISO SEKURAIRWA
KWAVAINGE VAITWA.


KWETE
MWANANGU, MUPARADZI
HAASI KUZOPFUURA,
ASI CHIPIRISO ICHI
CHICHAFUKIDZA ZVIVI ZVEDU
KUTI TIGOGAMUCHIRWA
NAMWARI.

NHAI BABA,
KO SEI VAPIRISITA
VAKUURAYA HWAYANA
YEDU, ASI MUPARADZI
ACHAPFUURA ZVEKARE
SEZVAAKAITA
KUIJIPITA?

CHERO VANHU
VAKAVIMBISA
KUTEVERA MIRAIRO
YAMWARI NOKUIITA,
HAVASI VOSE
VAKAZVIGONA.



MINANA PAYAKAMIRA KUONEKWA,
MAZERA MADIKI AKAKANGANWA
MWARI VAKATANGA
KUNAMATA ZVIFANANIDZO
NEMADZITATEEGURU AVO.




SEKUTAURA KWAKANGE
KWAITA NAJOSHUWA,
MWARI WAKATUMIRA
VATADZI KUZOPARADZA
IZIRAYERE.

**KWETE KANI!
NDIBATSIRE
MWARI WANGU
BHAARI!**

YOWEEE!

VATONGI 3:7-8, 12-13, 4:1-2, 10:6-7




MUTONGO WAMWARI
PAWAKABURUKA,
VANHU VAKARANGARIRA
MIRAIRO NENZIRA
DZAKE NDOKUREURLURA
ZVIVI ZVAVO.



JEHOVHA,
TIREGEREREI
ZVIVI ZVEDU,
MOTIDZOREDZERA
ZVATAIVE.



PAVAKAREURLURA,
MWARI AKAVAREGERERA
NOKUVAPA MINDA YAVO.



VANHU VAKANETA
NEKUTEVERA VATONGI.
VATONGI VAISAFAMBA
MUNZIRA DZAMWARI
NOKUTEVERA MIRAIRO
YAKE. VAKAFUNGA
KUGADZA MAMBO KUTI
AVATUNGAMIRE.

MINDA YENYU
ICHANGE YAVE
KUSHANDISWA NAMAMBO.
SIYAI MWANASIKANA WENYU
PANO, TICHAMUBATA
ZVAKANAKA.

MUPOROFITA UYE
ARI MUTONGI
AINZI SAMUYERO
AKAVAYAMBIRA
KUTI KUGADZA
MAMBO ZVAIFANANA
NOKUTI VARAMBA
HUTUNGAMIRI
HWAMWARI.
MAMBO SAURO
AKAVADZVANYIRIRA,
ACHITORA MARI
YAVO, ZVISHANDWA
ZVAVO, VANAKOMANA
NEVANA SIKANA, UYE
ACHIVAITA VARANDA.




MAMBO SAURO
PAVAKANGE
VOCHEMBERA,
MWEYA YETSVINA
YAKAVABATA
VAKATANGA
KUITA HASHA
DZAKAWANDISA.



RIMWE ZUVA
VAKAEDZA KUBAYA
CHIKOMANA
DHEVHIDHI
CHAIVARIDZIRA
MUDIMBWA.

1 SAMUYERO 8

SAURO WAKANGE ORARAMA MUKUTADZA. GODO
NEKUTYA ZVAINGE ZVOMUKURIRA. MWEYA YETSVINA
YAKAMUNYEPERA KUTI ICHAMUPA SIMBA NEUPFUMI,
IYO ICHIMUPA NHAMO NOKUTAMBUDZIKA.



SALIRO
WAKARASA
MWARI
ACHINO BVUNZIRA
KUN'ANGA.

NDIRIKUONA
RIMA MBERI
KWAKO, UCHAFU
MUHONDO
UYE MUMWE
UCHAGADZWA
MAMBO
PACHINZVIMBO
CHAKO.

SALIRO WAKAFA
MUHONDO MWEYA WAKE
UKARASHIRWA KUGEHENA.



MWARI VAKASARUDZA CHIKOMANA
DHEVHIDHI PACHINZVIMBO CHAKE. CHAIVA
MUFUDZI WEMAKWAYI CHICHIDA MWARI
NEKUCHENGETEDZA MIRAIRO YAKE. NDICHO
CHIMWECHO CHAIDA KUBAYIWA NASAURO.

JEHOVHA
NDIVO MUFUDZI
WANGU, HAPANA
CHANDINOSHAIWA.
UNONDIVATISA
PAMAFURO
MANYORO.
UNONDISESEDZA
PAMVURA
INOZORODZA.

DHEVHIDHI
WAINGE
AKARURAMA UYE
AIDIWA NAMWARI.
KUTI NDIYE
MUZODZIWA
WAMWARI
AIZODZIKINURA
VANHU KUBVA
KUCHIVI NERUFU?

1 SAMUYERO 18:10-
11, 31:4, 16:1-13;
MAPISAREMA 23:1-3

DHEVHIDHI WAKANYORA:
AKAKOMBORERWA
MUNHU ASINGAFAMBI
PANOFAMBA, UYE
PANORANGANA
VAKAIPA. ASINGAMIRI
PANZIRA YAVATADZI,
ASINGAGARI PANOGARA
VADADI. ASI ANOFARIRA
MURAYIRO WAJEHOVHA;
ANOFUNGISISA
MURAYIRO WAKE
MASIKATI NOUSIKU.



ACHAFANANA
NOMUTI WAKASIMWA
PAHOVA DZEMVURA,
UNOBEREKA MICHERO
YAWO NENGLIVA.
MASHIZHA AWO
HAASVAVI; CHINHU CHIPI
NECHIPI CHAANOITA
CHICHAENDEKA.



VAKAIPA HAVANA
KUDARO; ASI
VAKAFANANA
NEHUNDI
INOPEPERESWA
NEMHEPO.
NAIZVOZVO VAKAIPA
HAVANGAMIRI
PAKUTONGESWA,
NAVATADZI
PALINGANO
YAVAKARURAMA.
NOKUTI JEHOVHA
ANOZIVA NZIRA
YAVAKARURAMA; ASI
NZIRA YAVAKAIPA
ICHAPARADZWA.

MUSHURE MORUFU
RWASAURO,
DHEVHIDHI AKAPINDA
PAKUTONGA
ACHITUNGAMIRA
VANHU
PAKUSHUMIRA
NOKUCHENGETEDZA
MIRAIRO YAMWARI.

2 SAMUYERO
2:4;
MAPISAREMA
1; MABASA
13:22-23

DZORERAI
MUDZIMAI UYU
MUNDA WAKE,
HAMUFANIRI
KUMUREGA
ACHIBHADHARISWA
ZVINOPFUURA
IPAPA.

MUMAZUVA ADHEVHIDHI
ARIMAMBO NYIKA
YAKAKOMBORERWA,
VANHU VACHIRARAMA
MUKURURAMA.



MWARI VAKARATIDZA DHAVHIDHI
ZVINHU ZVAKAWANDA ZVICHAITIKA
MUNE RAMANGWANA RAKE. AKANYORA
MASHOKO AWA ECHIPOROFITA
MUBHUKU RAMAPISAREMA. ZVIZHINJI
ZVACHO ZVAKATOZADZISWA.



ACHATONGA VANHU VENYU
NOKURURAMA. NAVAROMBO
VENYU ACHAVARURAMISA.
ACHATONGA VAROMBO
VAVANHU, ACHAPONESA
VANA VAVASHAIWI,
NOKUPWANYA MUMANIKIDZI.
NEMISI YAKE AKARURAMA
ACHAKURA ZVAKANAKA;
RUGARE RWAKAWANDA
RUCHAVAPO, KUSVIKIRA
MWEDZI WAGUMA. ACHABATA
USHE KUBVA PAGUNGWA
KUSVIKIRA PAGUNGWA,
NOKUBVA PARWIZI KUSVIKIRA
KUMIGUMO YAPASI.



NYANGWE DHEVHIDHI AIVE
AKARURAMA, ASI WAKATADZIRA
MWARI, SAKA HAASIYE
MUDZIKINURI AIZOSUNGURA
VANHU. AKANYORA IZVI PAMUSORO
PEMUDZIKINURI AIZOLIYA.

ZVIROKWAZVO, MADZIMAMBO
OSE ACHAWIRA PASI
PAMBERI PAKE; NDUDZI
DZOSE DZICHAMUSHUMIRA.
ACHADZIKINURA MWEYA
YAVO PAKUTAMBUDZIKA
NAPAKUMANIKIDZWA; ROPA
RAVO RICHAVA CHINHU
CHAKAKOSHA PAMBERI
PAKE. VANHU VACHARAMBA
VACHIMUNYENGETERERA,
VACHIMUVONGA ZUVA ROSE.
ZITA RAKE RICHAVAPO
NOKUSINGAPERI; ZITA RAKE
RICHAGARA RIRIPO PANGUVA
YOSE YOKUVAPO KWEZUVA.
VANHU VACHAROPAFADZWA
MAARI; NDUDZI DZOSE
DZICHATI, ANOMUFARO.

MUSHURE
MORUFU RWAKO,
NDICHAMISIKIDZA
HUSHE

PAMWANAKOMANA
WAKO. ACHAVAKA
TEMBERI UMO
MANDICHASHUMIRWA.
HUMAMBO HWAKE
HUCHAVAKO
NOKUSINGAPERI.



PAKAFI DHEVHIDHI,
MWANAKOMANA
WAKE SOROMONI
AKATORA HUSHE
(MUGORE RA971
KIRISITU ASATI
AZVARWA).
KUCHITEVEDZWA
IZWI RAKANGE
RAPIWA DHEVHIDHI
NAMWARI,
SOROMONI
WAKAVAKA
TEMBERI (MUGORE
RA966 KIRISITU
ASATI AZVARWA).

VAITSIVA
TEBHANEKERE
YAVAINGE
VASHANDISA
MURENJE.
VAIZIRAYERE
VAKABUDIRIRA
MUMAZUVA AWA.
MWARI WAKAZADZISA
SHOKO RAKE ROKUTI
ACHAVATUNGAMIRA
KUDZOKA MUNYIKA
YECHAPIKIRWA.



ZVISINEI PANE SHOKO
RIMWE MWARI RAAKANGE
ASATI AZADZISA, KULIYA
KWOMUDZIKINURI
AIZOPARADZA
MABASA EWAKAIPA.
ROPA REZVIPFUYO
RAISHANDISWA KURIPIRA
MATADZO AVANHU.
VANHU VAIVONGA MWARI
AKANGA AVAPA NZIRA
YOKUCHENESERWA ZVIVI,
VAKAMIRIRA MUDZIKINURI
AIZOVABVISIRA
ZVIVI ZVACHOSE.

VANHU VAIENDA KUTEMBERI
KUZONZWA SHOKO DZVENE.
VAINYANYA KUFARIRA CHIPOROFITA
CHEKULIYA KWEMUDZIKINURI.



MWARI VAKATSIDZA MUZVOKWADI LIYE
HAVASI KUZODZOKERA SHURE, MWANA
WAKO UCHATORA CHIGARO CHOKUTONGA.
NDIWE MWANAKOMANA WANGU,
NHASI NDAKUBEREKA. TSVODA
MWANAKOMANA, AREGE KLITSAMWA,
MUFIRE PANZIRA, NOKUTI HASHA
DZAKE DZINGAKURUMIDZA KUMUKA.

DHAVHIDHI WAKANYORA
ZVAKAWANDA PAMUSORO
PEMUDZIKINURI UCHAUYA.
JEHOVHA AKATI KUASHE
WANGU, GARA KURUDYI
RWANGU KUSVIKIRA
NDAITA VAVENGI VAKO
CHITSIKO CHETSOKA DZAKO.
(MAPISAREMA 110:1)

CHIGARO CHENYU CHOUSHE,
IMI MWARI, CHIRIPO
NOKUSINGAPERI-PERI; MAKADA
KLURLRAMA, MUKAVENGA
KUSARURAMA; NAIZVOZVO
MWARI VAKAKUZODZAI
NAMAFUTA OKUFARA
KUPFULURA SHAMWARI DZENYU.
(MAPISAREMA 45:6-7).

ZVIMWE ZVIPOROFITA
ZVOKULIYA
KWOMUDZIKINURI.

NDICHAMUITAWO DANGWE RANGU, MUKURU
WADZIMAMBO APASI.

(MAPISAREMA 89:27).


NDINOFARA KWAZVO KUITA KUDA KWENYU
MWARI WANGU; ZVIROKWAZVO MURAYIRO
WENYU URI MUMOYO MANGU.

(MAPISAREMA 40:8).

NDICHASHAMISA MUROMO WANGU
NDITALIRE NOMUFANANIDZO;
NDICHAPARIDZA MASHOKO
AKAVANZIKA EKARE. (MAPISAREMA
78:2, MATEU 13:34-35).

DHAVHIDZHI WAKANYORA
MASHOKO ANOSHAMISA
PAMUSORO PEMUDZIKINURI.
NDAKADURLURWA SEMVURA,
MAPFLIPA ANGU OSE
ASVODOGOKA; MOYO WANGU
WAKAFANANA NENAMO;
WAKANYAIKA MUKATI MOURA
HWANGU. SIMBA RANGU
RAKAOMA SECHAENGA; RURIMI
RWANGU RWAKANAMATIRA
PASHAYA DZANGU; MAKANDIISA
PAGURLIVA RORLIFU. NOKUTI
IMBWA DZAKANDIKOMBEREDZA;
LINGANO YAVANOITA
YAKANDIPOTEREDZA; VAKABOORA
MAOKO ANGU NAMAKUMBO ANGU.
VANOGOVANA NGLIVO DZANGU
PAKATI PAVO, VANOKANDA
MIJENYA PAMUSORO PEHANZU
DZANGU.

(MAPISAREMA 22:14-18).



SOROMONI WAKATONGA KWEMAKORE AKAWANDA AIVE
AZERE NEBUDIRIRO. ASI MUSHURE MORUFU RWAKE VAGARI
VEKUCHAMHEMBE VAKASARUDZA KUZVITONGA NDOKUGADZA
WAVO MAMBO AIVE AKAIPA AINZI JEROBHOWAMU
(MUGORE RA 975 KIRISITU ASATI AZVARWA).

UYU NDIYE MWARI
AKAKUBURITSAI MUIJIPITA,
UIYE AVA NDIVO VAPIRISITA
VAKE.

KO MUNOTII
NEMIRAIRO YAMUZISI
NETEMBERI YAMWARI IRI
MUJERUSAREMA?


1 MADZIMAMBO 12:20 28-29;
MAPISAREMA 2:7, 12, 22:6, 14-
18, 40:8, 45:6-7, 78:2, 89:27,
110:1, 4, 13:2-11; MATEU 13:34-35

VAGARI VEKUCHAMHEMBE VAIVE KURE NEKUTEMBERI
KUJERUSAREMA, SAKA VAKAZVIGADZIRIRA
KWOKUSHUMIRA KWAVAKAMISIKIDZA
ZVIFANANIDZO ZVEZVIMHURU.

NZIRA DZAKAWANDA
DZOKUENDA KUNA MWARI.
VAMWE VANOMUTI JEHOVHA,
VAMWE VANOMUTI ALA,
VAMWE VACHIMUTI KEMOSHI,
ISU TINOMUTI BHAARI.

SHOKO DZVENE
RAMWARI RINOTI KUDII RAVAKAPA
VAPOROFITA. RINOTI, TISAVE
NEUMWE MWARI, UYE KUTI KUNA
MWARI MUMWECHETE NENZIRA
IMWE YOKUENDA KWAARI.





**UNOFUNGA
KUTI MWARI
VANOFUNGA
ZVINHU ZVIDUKU
KUDARO?**

**CHIREGA KUNDIDAVIDZA
PANYAYA IYI ZVEKARE,
BHAARI NDIYE WATAKUSHUMIRA
MUDUNHU RINO, VOSE
VANOPESANA NAZVO
TICHAVAPARADZA!**



IWE
BHAARI,
GAMUCHIRA
CHIPIRISO ICHI
CHATINOKUPA
KUBVA
MUMAOKO EDU
AKAZVIDZIKA.

VAPIRISITA PAVAKASARUDZA CHIBHURU
SECHIFANANIDZO CHOKUNAMATA,
MUKUSAZIVA VAKASARUDZA
MUFANANIDZO WASATANI, NGIROZI
YEKUTADZA. VAISHUMIRA KUNA
DHIYABHOROSI UYO AIFARA KUTI
MOYO YEVANHU YAKANGE YOBVA
KUNA MWARI NEKUCHIVIMBISO
CHAKE CHOMUDZIKINURI.



AKAROPAFADZWA
MAMBOKADZI WEDENGA, MAI
VAMWARI. INZWAI MUNYENGETERO
YEDU MUTIREGEREREREWU ZVIVI
ZVEDU.






MURIKUI TEI
PANZVIMBO
TSVENE INO?

MUZITA RAJEHOVHA
WAMARASHA, INZWAI SHOKO RAMWARI.
MWANA UCHAZVARWA WORUDZI RWADHEVHIDHI,
KUBVA MUDZINZA RAKE KUCHALIYA MUDZIKINURI.
ZIRA RAKE UCHANZI JOSAYA, PAARITARI INO
UCHAPISA VAPIRISITA VABHAARI.

1 MADZIMAMBO
12:28, 13:1-2;
JEREMAYA 44:17-
25, EZEKIYERE
1:10, 10:14, 28:14



SEI UCHITaura CHINHU
CHAKADARO, HAKUNA
UNGAZIVE ZVICHAITIKA
MUNE RAMANGWANA
KUNZE KWAMWARI.

NEIZWI RASHE, NDINOTI
KWAURI, MABONDO
AVAPIRISITA IVAVA ACHAPISWA
PAARITARI IYOYI.



MWARI VACHAKUPA CHIRATIDZO
CHINOTaura KUTI AYA MASHOKO
AVO. MUZUVA RANHASI ARITARI IYOYI
ICHAPATSIKA NEPAKATI MADOTA
ACHIRASIKIRA PASI.

KE KE KE.. INZWA KUTAURA
KWEDHONGI IRI. ANOFUNGA
KUTI NDIYE ANOZIVA UYE
KUTI VAMWE VOSE HATINA
CHATINOZIVA.



MUBATEI
MUMURAYE,
NDIYANI UYU
ANOPARIDZA
ZVAKAIPA PAMUSORO
PECHITENDERO
CHEVAMWE.

RUOKO
RWANGU
RWAOMARARA,
NDINAMATIRE
KUTI JEHOVHA
ANDIPORESE.





ISHE
ZVIRATIDZE
MUZUVA RANHASI,
PORESAI RUOKO
RWAMAMBO
UYU MUZUVA
RANHASI.



1 MADZIMAMBO
13:2-6


A dramatic biblical scene. In the foreground, a man with a long white beard and a brown turban looks upwards with a concerned expression. To his left, a man in a white and gold robe with a crown-like headpiece also looks upwards. In the background, a large golden bull statue is visible, and a man in a white robe is seen in a state of distress or prayer. The scene is set in a grand, ancient building with high ceilings and architectural details. The lighting is warm and golden, creating a sense of awe and divine presence.

TSAONA...

VEDUWEE...! BHUUMU...


**AIWA
KANI...**

**JEHOVHA,
HAMUNA
KUKASIRISA
HERE?**



ZVOKWADI URI MURANDA WASHE. HAPANA
MUPOROFITA WABHAARI AKAMBODAI. HUYA KUNO,
TICHAFEFENUKA NOKUNWA NOKUDYA, MUSHURE MAZVO
NDICHAKUPA UPFUMI HUKURU NOKUDA KWEBASA
GURU RAINOITIRA MWARI IRI.

BODO, HANDISI
KUENDA NEWE, MWARI
VAKANDIUDZA KUTI NDISANWE
KANA KUDYA MUIZIRAYERE.
HANDITOFANIRI KUDZOKERA
NENZIRA YANDAKALIYA NAYO.



WAURAYA
CHITENDERO
CHANGU, HAPANA
CHASARA.


INGA WAKATI MABONDO
EMAPIRISITA ACHAPISWA
PAARITARI IYI. ARITARI
YAPARARA ASI HAPANA AFA.

AYA
MASHOKO
AMWARI
KWETE
ANGLU.

1 MADZIMAMBO
13:5, 7-9

MARINGE NESHOKO
RAMWARI MUPOROFITA
WAMWARI AKADZOKERA
NEIMWE NZIRA, ASINA
CHAADYA KANA KUNWA
KWEMAZUVA MAVIRI,
ZVINO NZARA YAKANGE
YAMUBATA. VAKOMANA
VECHIDIKI VAVIRI
VAKANGE VAPEDZA
KUNAMATA CHIMHURU
VAKAMUTEVERA
VACHIDA KUONA NZIRA
YAAIZOENDA NAYO.





BABA, DAI
NDISINA KUZVIONERA
NDAISAZVITENDA. ICHI
NDICHO CHIPOROFITA
CHECHINYAKARE
CHAICHO.

KASIKA!
NDODA
KUTASVA BHIZA
NDIMUTEVERE.

BABA,
MUNOBVUMIRANA
NEZVAATAURA
HERE, KUTI JEHOVHA
NDIVO MWARI VOGA?
ICHOKWADI HERE
KUTI VAMWARI VEDU
ZVIFANANIDZO ZVOGA
ZVAKAUMBWA
NEGORIDHE
NEMITI?



AKABATA MUPOROFITA WAMWARI
AKAZORORA PAMUMVURI WEMUTI.
AIDA KUSHAMWARIDZANA NEMURANDA
WASHE AIVA NESIMBA . NAIYEWO
AKAMBOBATA SEMUPOROFITA
IZIRAYERE ISATI YADAMBURWA
NOKUDA KWOKUSHUMIRA
MIFANANIDZO. MAFUNGIRO
AKE AIVE OKUTI ZVITENDERO
ZVOSE ZVAIVE ZVAKAFANANA.




LUNOFANIRA KUVA NDIWE MUPOROFITA
WEKWAJUDHA. HUYA NENI NDIKUPE
ZVOKUDYA NEZVOKUNWA.

KWETE, MWARI
VAKATI NDISADYE
KANA KUNWA
MUNZVIMBO INO.

NDINOTENDA
MWARI, NDANGA
NDANZWA NENYOTA.

SEZVALINOONA,
NENIWO NDIRI
MUPOROFITA SEWE.
NHASIUNO NGIROZI
YAMWARI YANDIUDZA
KUTI NDIKUPE
ZVOKUDYA
NEZVOKUNWA.



UKU KWANGA
KURI KUDYA
KUNOZIPA,
CHIREGAI
NDIENDE
KWEDU
KWAJUDHA.

JEHOVHA VARIKUTI, NOKUTI HAUNA KUTEERERA
IZWI RAVO, WADYA NOKUNWA MUNZVIMBO INO,
SAKA MUTUMBI WAKO HAUSI KUZOVIGWA
KUMARINDA EMUMUSA MENYU.

BABA, MURI
KUPOROFITA, ASI
MWARI VATANGA
NEMIWO HERE?

ICHOKWADI
MWANANGU,
NDEKEKUTANGA
MUMAKORE
AKATI WANDEI.



1 MADZIMAMBO 13:10-22

MUNOREVA
KUTI ACHAFA
HERE?

HONGU,
ASI
IMHOSVA
YANGU.

MUPOROFITA WAKAENDA ADUMBIRWA,
WAIZIVA KUTI MWARI WAKATENDEKA
UYE AKASVINURIRA SHOKO RAKE.
CHAAKANGE ASINGAZIVE NDECHOKUTI
SHOKO IRI RAIZOZADZISWA
NOKUKASIKA, UYE NENZIRA IYI.






**NDIYE
MUPOROFITA
WEKWAJUDHA
LYA!**

**HANDISATI
NDAMBOONA
MASHURA
AKADAI. SHUMBA
YAMUURAYA ASI
YAKANGORARA
PEDYO NAYE
ISINGAMUDYI.**

**CHISHAMISO
KUTI SHUMBA
NEMBONGORO
ZVAKAGARA
ZVOSE PEDYO
NAYE ZVICHIITA
SEZVINOMURINDA.**



MUPOROFITA
WENHEMA
AKATORA
MURANDA WASHE
NDOKUMURADZIKA
MURINDA
RAKE PEDYO
NEVAPOROFITA
VABHAARI, PEDYO
NEPAKAPUTSIRWA
ARITARI
YABHAARI.

MWARI
VAMUPARADZA
NOKUDA
KWEKUSATEERERA
KWAKE. ASI ZVOSE
ZVAAKATAURA
ZVICHAZADZISWA.

ACHANGORADZIKWA, VAZHINJI
VAKABVA VAKANGANWA
NEZVAKE KUNZE KWEVASHOMA.
ARITARI YAKAZOGADZIRWA.

1 MADZIMAMBO 13:23-31; 2
MADZIMAMBO 21:24, 22:8-11, 23:1-3

MUSHURE MEMAKORE MAZANA
MATATU, VASHUMIRI VABHAARI
VAKANGE VACHIRI KUNGOSHUMIRAPO.
ZVAKAPOROFITWA NEMURANDA
WASHE KUTI PACHAPISIRWA
MABONDO EVASHUMIRI VABHAARI
HAZVINA KUZADZISWA.




VANHU VAKATENDEUKA
KUBVA PAKUDARIKA
KWAVO. VAKATSIDZA
KUTEERERA MIRAIRO YOSE
IRI MUSHOKO RAMWARI.




MARIYA
MUSANDE
TINUNUREWO!

VANHU
VAKATENDEUKIRA
KUNA MWARI
VAKAPARADZA
ZVIFANANIDZO ZVOSE
MUNYIKA. VAPIRISITA
VAIPIRA KUNA MWARI
WEZUVA, MWEDZI
NAMAMBOKADZI
WEDENGA VAKAURAWA.



MURAIRO WAMWARI UNODZIVISA
CHINGOCHANI, SAKA VOSE
VAGARI VEKUSODHOMA
VAKADZINGWA MUDUNHU IRI.


HEZVO,
ZVIVANHU
ZVISINGAGAMUCHIRE
KUTI VANHU
VANOSIYANA!



VAKABVA VACHENESA
NYIKA KUBVA KUVAROYI,
MASVIKIRO NEVAUKI.

PARADZAI
MIJENYA YAKE
YOSE MUIPISE
MUSHA WAKE.

2 MADZIMAMBO 23:5, 7, 10, 24



JOSAYA WAKAENDA
KUARITARI YEVALUKI
KWAKANGE
KVASANGANA
JEROBHOWAMU
NEMUPOROFITA
WAMWARI
KOKUTANGA.
JEROBHOWAMU
NDIYE AKAVA
MAMBO
WEIZIRAYERI
YEKUCHAMHEMBE
WEKUTANGA
MUMAKORE
MAZANA MATATU.

VAKAPARADZA
ARITARI,
NDOKUPISA
ZVIFANANIDZO
ZVOSE, NEMITI,
VACHISIYA
ZVAVADOTA.

KUNA MWARI
MUMWECHETE
ASINGANAMATWI
TICHISHANDISA
ZVIFANANIDZO. VAPIRISITA
AVA VAITIRASISA.



**MUNOFANIRA
KUF!**

ARITARI
YAKAPARADZWA
ZVEKARE
ICHITSEMURWA
NEPAKATI.

VOSE VAPIRISITA
VENHEMA
VAKAURAWA MITUMBU
YAVO IKAPISIRWA
PAARITARI IYOYO.



2 MADZIMAMBO
23:15-16

PEDYO PEDYO PAIVE
NEMARINDA EVAPIRISITA
VENHEMA. KUTI VANHU
VASAZOSHUMIRA IPAPO
JOSAYA WAKATORA
MABONDO AVO
NDOKUAPISIRA PAARITARI APA.



**PISAI
MABONDO
OSE..**


**CHIPOROFITA CHEMAKORE
MAZANA MATATU
CHAKAZADZISWA MUSI
UYU SEKUTAURA
KWEMURANDA WASHE.**


**KANA
ZVAKADARO SIYAI
MABONDO AKE, PISAI
EVAMWE OSE KUTI CHIVI
ICHI CHISAENDERERE,
MWARI VAGOTIROPAFADZE.**

**MUZODZIWA WASHE, ASI
AYA MABONDO OMURANDA
WASHE AIBVA KWAJUDHA
AKAPOROFITA CHIITIKO ICHI MAZANA
MATATU EMAKORE APFUURA. WAKATI
MURUME ANONZI JOSAYA ANOVA IMI,
UCHALIYA OZOITA ZVAMURI KUITA IZVI
MUZUVA RANHASI.**

ROPAFADZWAI
MWARI, ISHE WEDU,
NAMAMBO WEPASI ROSE, IMI
MUNOTIPA ZVOKUDYA ZVEDU
KUBVA MUVHU.

MUSHURE MOKUPARADZWA
KWEKUNAMATWA
KWEZVIFANANIDZO, JOSAYA
WAKAIRA VANHU KUTI
VARANGARIRE PASEKA UYO
MUSI WAKASUNUNGURWA
VANHU NAJEHOVHA
KUBVA PAURANDA
HWEMUIJIPITA, ACHIVAISA
MUNYIKA YECHIPIKIRWA





NHAI
BABA, ZUVA
RINO RAKASIYANEI
NEMAMWE MAZUVA
OSE?

BABA VAKAUDZA MHURI YAVO SUNUNGURO YAMWARI KUBVA
KULURANDA HWEKUIJIPITA ACHIVAPA MIRAIRO NETEBHANEKERE.
VAKATAURA MASUNUNGURIRWO AVAKAITWA NEROPA RAINGE
RAISWA PAMAGWATIDZO EDZIMBA DZAVO KUBVA KUNGIROZI
YAIURAYA MATANGWE. IYI YAKAVA SUNUNGURO HURU YEPASEKA.



<https://goodandevilbook.com/>